ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№243 (22.401) ● 2012 гъэм дыгъэгъаэзэм (декабрым) и 19, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

Дыгъэгъазэм и 11-м КъБР-м и Парламентым и Унэм зэIуцIэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр Iэмал зэрIэкIэ нэхъыфIу кIыхьэгъэпэщыным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрапэщIэт Iэмалхэр убзыхуным.

ЗЭIУЩIЭР кIыхьэлIуныжащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Жаным Руслан**.

- Нобэ дызыхэпльэну Iэухуэр япэ идгъэщIыпхьэхэм ящыщщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди псэукIэр зыхуэдэнчр абы елыытащи, - жиIащ Руслан. - Дэ хуабжьу дегъэпIейтей зи гугъу тщIы Iэухуэхэм теухуа республикэ программэхэр гъэзэщIа зэрэхъунум. Апхуэдэ программэхэр бгъуэм ноблагъэ. Абыхэм кIыхьэщIабыдэр республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр зэльытауэ щытыну Iэухуэхэр. ГурыIуэгъуэкым абыхэм ятекIуэдэну мылькыр ФинансхэмкIэ министерствэм щIимыгъэбезджылар.

Депутатым кIыхьэщIащ ФинансхэмкIэ министерствэр 2013 гъэм и бюджетым иджыри зэ хэпльэкIын зэрэхуейр.

Республикэм шынагъуэншагъэр кIыхьэгъэпэща зэрыщыхъум и гугъу щищым, Жаным кIыхьэщащ узыгъэгуэвэ зэрыщыIэр. Хабзэхьумэ IэнатIэм пэрытхэм щIыхэм я деж Iульдж нэс зэрыщамыIэр зы щхьэусыгъуэу жиIащ абы.

- Нэхъапэр щIыхэхэм дзыхь кIыфхуащIынырц, ар кIыхьэхулIэн папщIэ фи гуащIэ фемыблэжу фIыгъэрлажьэр евгъэльагъун хуейщ. Фи псальэр Iуэхухэ вгъэдахэ. Хабзэм ебакъуэ щIалэгъуалэр нэхъыбэ хьумэ, ар эн лажьэр дэращ. Ди кIалэныр и кIэн нэсу дгъэзащIэу, щIблэр кIыдэгъэщIылIэжау дызэдэлажьэмэ, итIанэщ екъулIэныгъэфIэхэм дышыгуфIу щIыхьынур. Нобэ дызытепсэльыхьым фIы кIыпэкIуну догугъэ, - жиIащ абы.

Адэкlэ псальэ иратащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэр кIыхьэгъэпэщыныкIэ, хабзэхьумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэныкIэ и кIуданэм и унафэщI **Теттуев Тимур**. Абы жиIащ хабзэхьумэ IэнатIэхэм пэрытхэм республикэм шынагъуэншагъэ кIыхьэгъэрагъэпэщыным теухуауэ ахуэзфIэкI кIыхьэрамыгъэнар.

- Нэхъапэми хуэдэу, зэкIэ ди гуныкьуэгъуэр диныр тельхьэпIэ зышу Iэщэ къэзыщтэхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъуши, апхуэдэхэм яхыкъэ щIалэгъуалэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу, - жиIащ Тимур. Абы кIыхьгъэщащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрапэщIэт Iэуху куэд республикэм зэрыщыкIэфIахыр, дэтхэнэми кIалэн ящыхьыкIа игъэзащIэу. Урысей Федерацэм и Президентым ищIа унафэм ипкъ иткIэ, 2011 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ ди республикэм щыIэщ щIыхьэм и хуитынагъэхэр хьума зэрыхьынум телажьэ гуп. Абы хэтхэр республикэм пщIэрэ щIыкIрэ щызыIэщ. Куэдкlэ дызыщыгугъэхэм ящыщщ 2012 гъэм и пэщIэдзэм КъБР-м и Iэтащхьэм и деж кIыщыIэзэрагъэпэща, терроризмэм тъэпщIагъэкIэ драгъэхьэхаэм ящыщу хуиблагъэжаэр гъашIэ тэмэмым хэшIэжьныжкIэ комиссэр. Диным егъэлея хэмыльнымы хуэщхьэпэну дыщогуфIу Ислам щэнхабзэ-щIэныгъэ центр Налшык щаухуэм. Ар 2013 гъэм нагъэсыну я мурадщ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщым и къуэдзэ **Тату Кьазбэч** псальэ щратым, кIыхьгъэщащ щIэпхьаджагъэ зыщIар зэхэгъэкIыныжкIэ, ахэр суд пащхьэ игъэувэныжкIэ хабзэхьумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр зэрефIэкIуар, ди щIалэгъуалэм ящыщу щIэпхьаджащIэхэм куэд зэрызыхащэм и щхьэусыгъуэхэм хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм щылажьэхэр нэхъ тегъэчыныхьауэ, Iэхум фIыуэ хащIыкIыну тепсэлъыхьу, тетхыхьу щытамэ, сэбэп зэрэхъунур.

УФ-м и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщым и къуэдзэ **Бабаев Алим** кIыхьрыкIэщащкIэ, республикэр щы зэманым гугъуехь инхэм хэтщ.

- 2012 гъэм кIриубыдэу хабзэхьумэ Iэхэущ IанIэхэм щылажьэу щIыху 66-м, суд Iэхэущ IанIэм щыIэу 4-м я жуклIи мурадкIэ ятеуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди щIалэхэм ящыщ куэд кIыхьэмыплъэкIыу Iэщэр къащтэри, мэхъым щIохьэхэм. 2000 гъэхэм ирихьэлIэу щIэпхьаджащIэхэм яхьыхьэр ипэкIэ лъэхъэущым иса, унагъуэ хуэмыщIахэм кIыхьэкIа е щIэныгъэншэхэрауэ щытамэ, иджы нэгъуэщщ. ЩIэныгъэ зиIэ, щапхъэ зытепсх хьуну къальытэ зунагъуэхэм я бынхэри мыбыхъэм зыхащI. Апхуэдэ щIалэхэр кIыхьэмыгъэгъэзэжын Iуэху ялэжьыну хунэмыс щIыкIэ, Iуэгъу захуэм тедгъэувэжын хуейщ, - захуигъэзащ кIыхьэхуэсахэм Бабаевым.

Жала псори кIыхьэщIакъуэжри, Парламентым и Унэм щыIэхэуэсахэм КъБР-м и Правительствэм, хабзэхьумэ IэнатIэхэм щылажьэхэм чэнджэщ зыбжанэ иратащ зэIуцIэм и кIэухым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Узыншагъэмрэ щIэныгъэмрэ япэ ирегъэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ IхьэсанэРуслан вэсэмахуэ яIуцIащ КъБР-м и щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм я Iэтащхьэхэм.

ЗЭIУЩIЭР теухуауэ щытащ егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ я Iэщ IагъэмкIэ и щIэр къэIэтыжьныжмкIэ щIыхуэ я хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм я къалэным.

- ЩIалэгъуалэм къуажэр зэрабгынэр кIыхьэтехьэлъэ зыгъэзыIэфынур абы щыпсэуэхэм къащIэхъуэ щIэблэм я узынщагъэм щыкIэлъыплъын, щIэныгъэ тэмэм щызрагъэгъуэтын Iэмалхэр кIахуэзэгъэнэпхыр, - къыхэщащ КъБР-м и Правительствэм и ГунафэщIым. - Къэралым абы и лъэныкъуэкIэ куэд елэжь, арщхьэкIэ Iуэхур щIыпIэхэм нэса нэужь, мы хуэмыщIагъэхэр кIыхокI. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, къалэм иIэпхъуэкIыу къуажэм лэжьапIэ кIуэ дохутырхэм щIэгъэкъуэну сом мелуаным щIигъу хухахыну кIыхьэрыхалъхьар. Ди республикэм абы щытрагъэкIуэда сом мелуан 67-м щыщу сом мелуан 28-р Зеикъуэм и закъуэ лъысащ. НэгъуэщI щыщIэныгъэхэри Iуэхум хэлъащ икIи ахэр иджыпсту МВД-м и лэжьакIуэхэм къапщытэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIаэхэр тепсэльыхьащ ди республикэм и сымаджэщхэм я нэхъыбэм я щытыкIэм уэзригъапIейтейм, абыхэм щIэлъхэр хущхъуэкIэ, ерыскъыкIэ, зыхэлъныкIэ тэмэму кIыхьэрыэзрамгъэпэщым. ЕгъэджакIуэхэми яхуэфащэн гулъытэ игъуэтырыкъым икIи абыхэм я Iуэхур дэкIыныр кIуэдкIэ ельытащ я унафэщIэхэр къаэрыхуащытым.

Хьэсанэ Руслан хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм кIыхуриджащ узынщагъэр хъумэми егъэджэныгъэми яхэлъ ныкъуэсаныгъэхэр утыку кIралъхьэну. Абы щыгъуэми гу лъаригъэтащ дохутырыфIхэр, егъэджакIуэ Iэзэхэр Iэмал имыIэу Iэтын зэрыхуеуам, адрейхэр зыдэплъеин, щапхъэ зытрахын яIэн хуэдэу.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЩIалэгъуалэм я проект нэхъыфIу 100 къыхах

● Нобэ

«Хьэрычэт Iуэхущ кIэ щIалэгъуалэ школ» республикэ зэхэсыкIуэр нобэ щегъэжьауэ махуищкIэ екIуэкIынущ. Ар щIалэгъуалэр хьэрычэт Iуэхум хэушэныжкIэ ирагъэкIуэкI дэжьыигъэм и кIэух Iыхьэу аращ. Зэхьыкъэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «Эльбрус» пансионатым сыхьэт 11-м къыщыкIуах.

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩI, мы проектым и лэжьыгъэр щэкIуэгъуэм и 23-м «Синдика» хьэщIэщым щрагъэжьауэ щытащ, Япэ зэхьхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Белоконев Сергейр. Проектыр нэхъыбэу зытеухуар хьэрычэт Iуэхум и щхьэхуэр зэIущIыIу щыIныр, республикэм и щIалэгъуалэр я IэнатIэм хуэущиныр, хьэрычэт лэжьыигъэм ехьэлIа къэрал программэхэм я нэхъыбэм я щытыкIэм уэзригъапIейтейм, абыхэм щIэлъхэр хущхъуэкIэ, ерыскъыкIэ, зыхэлъныкIэ тэмэму кIыхьэрыэзрамгъэпэщым. ЕгъэджакIуэхэми яхуэфащэн гулъытэ игъуэтырыкъым икIи абыхэм я Iуэхур дэкIыныр кIуэдкIэ ельытащ я унафэщIэхэр къаэрыхуащытым.

Хьэсанэ Руслан хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм кIыхуриджащ узынщагъэр хъумэми егъэджэныгъэми яхэлъ ныкъуэсаныгъэхэр утыку кIралъхьэну. Абы щыгъуэми гу лъаригъэтащ дохутырыфIхэр, егъэджакIуэ Iэзэхэр Iэмал имыIэу Iэтын зэрыхуеуам, адрейхэр зыдэплъеин, щапхъэ зытрахын яIэн хуэдэу.

ЖЫЛАНДЫР Аминат.

● Зэпеуэхэр

ЗэIущIэр кIыхьэгъэпэщащ. Хьэгъуарэ Джамилэ, Шевченко Юрий сымэ.

КъБР-м щыIыхуб хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм кIэ, жылагъуэ, дин зэгъэхьэныгъэхэмкIэ и министерствэм ящыблагъэ зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы щагъэльэпIащ коррупцэр щымыгъэIэным ехьэлIауэ «Стоп коррупцие», «АНТИКОР» псальэщхьэхэм щIэту екIуэкIа зэхъэзыхуэм папщIэ социальнэ рекламэ нэхъыфI зыщIахэр. Зэпеуэм и мурад нэхьыщхьэр щIыхуэр зыхуитымрэ къэралым кIыхьэщIэн хуеймрэ егъэщIэнырщ, республикэм коррупцэр щымыгъэIэнырщ.

ЗэIущIэм кърихьэлIат КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм экономикэ шынагъуэншагъэр кIыхьэгъэпэщыныкIэ и къудамэм и унафэщI **Шевченко Юрий**, ГъэуздджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым ТВ-м и режиссурэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Шэрджэс Мухьэмэд**, КъБР-м щIыхуб хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгъэхьэныгъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Хьэгъуарэ Джамилэ**, министерствэм и лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Хьэгъуарэм жиIащ мы зэпеуэр икъукIэ сэбэпу, и зэману кIыхьалъхьа Iуэхуу зэрыщытыр, Iулъхьэм и къуэпсхэр гъэгъун зэрыхуейр, ди республикэм щыпсэуэхэм я хабзэм ар кIыхьэремызэгъыр.

- 2008 гъэм щегъэжьауэ мыпхуэдэ зэпеуэхэр хабзэ тхуэхъуауэ идогъэкIуэкI. Зэпеуэм хэтахэм я лэжьыгъэхэр ильэс махуэрыбжэхэм, блокнотхэм ихуэнщу, футболкэхэм тратхэнущ, щэкIыщхуэхэм тещIыхьауэ республикэм и щIыпIэ зэхуэмыдзэхэм кIыщыфIэдздэнущ. Уи гуапэ мыхьуу кIанэркъым зэхьэзэхуэм хэтхэм я бжыгъэм ильэс кIэс зэрыхьхьур, щIалэ-гъуалэр мы Iуэхум жыджэру зэрыхэтыр. Нэхъыбжькlэ фыгъысогъэгушхуэ, гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми ехьулIэныгъэ щыIэныгъэ Iэну сыныбохьуэхьу, - жиIащ Шевченкэ Юрий.

КъыкIэлыкIуэу псалъэ зрата Шэрджэс Мухьэмэд кIыхигъэщащ ди республикэм щхьэхуещагъэкIэ ахъшэ щыIэзэIэпах щымыIэн папщIэ, махуэ кIэс лэжьэн, Iэмалым я нэхъыфIу щыIэр къагъэсэбэпурэ, фIым хущIэкъун, нэхъыфIым дэплъеин зэрыхуейр.

Япэ увыпIищыр зыхуагъэфэщахэм ЩIыхь тхыльрэ саугъэтхэмрэ иратащ. Япэ увыпIэр зыльысар - Алокъуэ Аринэрэ Асфаровэ Анастасиерэщ («Монета чести»), етIуанэр - Лазниковэ Еленэщ, ещанэу кIыхагъэщхьэхуэкIар Романовскаяр Еленэ, Ульбашевэ ФатIимэт, Клюй Андрей сымэ я лэжьыгъэращ.

- Хуабжьу ди гуапэ мэхъу ди республикэм мы Iуэхум гулыпIэ зэрыщыхуащIыр, ди гуащIэм пщIэ зэрыгъуэтар, - жиIащ Алокъуэ Аринэ.

Хьэгъуарэ Джамилэ и псальэхэм кIыхигъэщащ мы зэIущIэм фIыкIэ зэрыщыгугъыр.

- Къэдрэ узытеуIуэ бжэр къыIуах. ПIэч хэмылъу, псори зэгъусэу яужь дихьэмэ, апхуэдэ хьэл мыхьумыщIэ зыхэлъхэм зыханынущ, - жиIащ абы.

Коррупцэм пэщIэтыным кIыхуезыджэ псалъэхэр зытратха хьэпшыпхэр уэрамым щагуэш.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Япэ увыпIэр къэзыхьа Асфаровэ Анастасиерэ Алокъуэ Аринэрэ.

Куэдрэ узытеуIуэ бжэр къыIуах

Коррупцэм пэщIэтыным кIыхуезыджэ псалъэхэр зытратха хьэпшыпхэр уэрамым щагуэш.

Дунеим щыхъыбархэр

Белоруссием и чэзущ

2013 гъэм и щыщIэм и 1-м кIыщыщIэдзауэ СНГ-м и унафэщIу щытынур Белоруссиерщ. Апхуэдэ унафэ кIыщыщащ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуэныгъэм и унафэщIхэм я советым и зэIущIэм. Иджыпсту унафэщI къалэнхэр Тыркуэмым егъэзащI.

СНГ-м и исполкомым и унафэщI Лебедев Сергей зэрыжиIамкIэ, Тыркуэмым кIыхилъхьэри, зэхуэсым кIыщащтащ къэралхэр дяпэкIи IэнатIэ куэдым жыджэру щызэдэлажьэным теухуа Декларацэр. Зытепсэлъыхьахэм ящыщщ совет щIыхубэр Хэку зауэщхуэм зэрыщытекIуэрэ ильэс 70 зэрырикъум зыхуэгъэхьауэ щыпыныр ар зэгъусэу гъэлъэпIэнымрэ.

Багдад щеIэзэну?

Иракым и президент Талабани Джалять кIыхьэIыхьэри, блыщхьэ жэщым сымаджэщым ящащ. Дохутырхэм ирагъэжьэ кIыхьэныгъэнгъэхэм зэрыгъэлъэгъуамкIэ, абы и щхьэм дыы дуеящ икIи зэкIэ укъыщIэркым.

Ильэсиблым нэсауэ а къулыкъым пэрыт Талабани нэхъапэмэ и узыншагъэм кIыхигъэзыхьауэ щытащ - 2007 гъэм абы Иорданием къыщеIэзауэ, 2008 гъэм США-м операцэ щащIауэ щытащ. Иджыпстуи дохутырхэр зочэнджэщ адлкIэ ящIэнумкIэ - Багдад щеIэзэну хьэмэрэ нэгъуэщI къэрал клиникэхэм зыхуагъэзэну?

Лъэмыж «нэхъ шынагъуэ дыдэ»

ЗэрыжаIэу, зи псантхуэхэр тIкIу «зыгъэкIылIыну» хуейхэр Швейцариемкъым

Абы япэу ирикIуэну зи насып кIыхьахэм зэрыжаIэжьмкIэ, лъэмыжым утету зыщыпплъыхьхькIэ, Альпы бгы тельыдджэхэм я дахагъыр нэхъри наIуэу нэмкIыIуедзэ, дунейр щыуэфIым дэжь Италием и «кIуалэ щIыкIуи» уолъагъу. Уухэнысгъщ Iэр кIыщыIэзэIуахым уэс борэн къэхъури, метр зыбжанэкIэ ппэIэщIэу щытым фIокIа умылъагъуу, псори пшагъуэм щIихьумат. Ар нэхъри тельыдкэ ящыхьуащ абы «гъэщIэгъэнэльхьуэ» кIуахэм.

Лъэмыжыр мазитхум кIрнубыдэу ящIащ, ауэ текIуэдари машIэкIым - фунт мелуан. Апхуэдэуи ар быдэ дыдэщ - ухуакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, абы уэс тони 500 хуэдизхуэIыгъынущ, жыпIэу я кIыхьхуэуми, зэран хуэхъуфынукъым. Лъэмыжым кIэлъыплъынухэм зэрыжаIэмкIэ, щIымахуэм деж уэсыр абы щIэх-щIэхыурэ трагъэкъэбзыкIынущ.

Къуажьэ щIэхуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, лъэмыжыщIэм щыху нэхьыбэм зыщыщапплъыхьынур гъэмахуэрщ, ауэ абы дэкIуеину хуейкэр иджыпстуи куэдыкIейщ.

НОБЭ

u 1866 гъэм Урысейм и Телеграф агентствэр къызэрагъэпэщащ.

u 1925 гъэм ГАСС-р (Совет Союзым и Телеграф агентствэр) къызэрагъэпэщащ.

u 2002 гъэм къызэрагъэпэщащ РАН-м и Ипщэ щIэныгъэ центрыр. Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и къэхъуакIуэ Iуэхущ IапIэхэр зыхьхьэр.

u Корее Республикэм президент хэхыныгъэхэр щокIуэкI.

u Къалащхьэхэмрэ къалэщхуэхэмрэ я дунейпсо зэгухьэныгъэм дыгъэгъазэм и I9 - 20-кэм Москва щригъэкIуэкIынущ «Къалэщхуэ: XXI пIэщIыгъуэ» IV дунейпсо зэхуэсыр.

u Парт, къэрал лэжьакIуэ, маршал, Совет Союзым пIэнейр я и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Брежнев Леонид** кIыхьэралъхуэр илъэсиI 106-рэ ирокIу.

Дунеим и щытыкIэмр «pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыпIэр махуэм градусиI 5 - 3, жащым 5 - 4 щыхьынущ.

ПIэнэпэр зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэрэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гугъэ нэпщIыр щхьэгъэпщIэжщ.

Ди къуэш республикэхэм

Псапэ ящIэ

АДЫГЕЙ. ***Зауэ щекIуэкI Сирие къэралыгъуэм къикIыжу хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм защIэгъэкъуэным теухуа псапащIэ Iуэхухэр Адыгейм я Краснодар краймрэ щрагъэкIуэкI.***

АДЫГЕЙМ къэзыгъэзэжа я лъахэгъуэхэм папщIэ республикэм и кIалащхьэм къэкIуащ япэу зыхуеину хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ узэда хьэлъэзешэ автомашинитI. Ахэр зэхуахьэсащ Краснодар краймрэ Успен куейм щыпсэу жылагъуищым щыпсэуэхэм. Армавир кIалэм щыщ Хьэнсокъуэ Хьэлимэт псапэр я лъахэгъуэм сом мин 800 ящритащ.

Сириемрэ къикIыжри Адыгеймрэ кIагъэзэжащ адыгэ 397-м, абыхэм ящыщу 55-р студентщ. ПсэупIэкIэ къызэгъэпэщар зэкIэ мащIэщ. Адрейхэр пщIэ зыщIат фэтэрхэм щопсэу. Апхуэдэу щыщыткIэ, сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъэми мыхьэнэшхуэ иIэщ.

УнэтIыныгъэ куэд къызэщIаубыдэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***КъШР-м и Iуэхущ IапIэу Урысей Федерацэм и Президентым деж зэпымыуэ щыIэм щекIуэкIащ «Къэрэшей-Шэрджэсым и инвестицэ Iэмалхэр» щIэныгъэ-практикэ конференц. Абы хэтащ КъШР-м и гъэзэщIакIуэ властым и лЫкIуэхэр.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм и пресс-Iуэхущ IапIэм кIыхьэритымкIэ, ар и жэрдэмщ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм зегъэужьныжмкIэ проектым и инвестор «Урысейм и зэфIэкI» дунейпсо корпорацэм.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэгъэкI, къэжIуэнум зэтраублэну я мурад инвестицэ проектхэм, абыхэм мылъку зэрызэуатIыпщынту щIыкIэхэм. Къыхалъхьа унэтIыныгъэхэм ятеухуауэ ирагъэкIуэкIа псалъэмакъым кърикIуахэр зэхалъхьэжри, конференцым хэтахэр инвестицэ проектэр пхыгъэкIынымкIэ я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэдэгугъэщащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм щхьэкIэ

Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм и Iуэхущ IапIэ псоми етIанэгъэ и япэ ильэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхьнухэм Iэ трегъэдзэным щыщIадзащ 2012 гъэм фокIадэм и 1-м.

Фыдэзыхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм къевгъэхьыну Iэ щытевдзэ хъунущ ахэр и чэзум унэм ныфхуэзыхьыну е пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Iуэхущ IапIэхэм кIыщыIэзыгъыжыну щэсыпIэу кIэуэ пощт IэнатIэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрыщыщIадзым пыщIа Iуэху псоми пощт зэпыщIэныгъэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм щхьэхуэу фыхагъэгъэгъуэзэнущ.

Iэ тедзэныр фымыгъэгъуэ, и кIэ дыдэм нэмыгъэс.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Мазихым ди газетым и уасэр сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ IапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Iулъхьэ зэрыщIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фIыщIыуаэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсальэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бирюк Александр Анатолий и къуэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2012 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м *Налшык къалэ* *№47/1-5*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и полномочиехэр Марьяш Иринэ Евгений и пхъум, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бирюк Александр Анатолий и къуэм етыным и Iуэхукlэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бирюк Александр Анатолий и къуэм етынымкIэ (№66-рэ) етын.

2. Мы Унафэр щIыхьэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм къытрегъадзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ1
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Бирюк Александр Анатолий и къуэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2012 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м *Налшык къалэ* *№47/2-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бирюк Александр Анатолий и къуэм етынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2012 гъэм щэкlуэгъуэм и 4-м кIыщта Унафэ №47/1-5-м ипкъ иткIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кIыщта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бирюк Александр Анатолий и къуэр тхыным и Iуэхукlэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

2. Мы Унафэр щIыхьэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм къытрегъадзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ1
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщIыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Чэтбий Мадинэ Малил и пхъум етынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм

2012 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м *Налшык къалэ* *№47/3-5*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и полномочиехэр Сидорук Павел Федор и къуэм, «Захуагъэ здэщIыIэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым кандидатхэм я спискэу къыгъэлъэгъуэм хэту хахам, нэхъ пасэу зэрыщхьэщахам къыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кIыщта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщIыIэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Чэтбий Мадинэ Малил и пхъум етынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2012 гъэм щэкlуэгъуэм и 4-м кIыщта Унафэ №47/3-5-м ипкъ иткIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кIыщта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету

Iыхьлымрэ благъэмрэ зыгъэбийм Алыхьым и нэлатыр къешэ

● Уаз

Цыхухэр къэзыгъэщIу Iыхьлыр-благъэу зэхэзыдзыжа, ахэр гъыбкIэ зэзыпхыжа, дэри абыкIэ къыдэуощижа Алыхьталэм фIыщIэ мыухыжыр хуэфащэщ.

Ислъам диныр зыхуащIэкIу мурад нэхъыщхьэхэм ящыщщ муслымэмэхэр зэкIуэшыныгъэр зыхащIэу, зым адрейм гущIэгъу хуищIу, фIыуэ зэрыпытагъуэ, зэрыпытыгъэ, ягу Iэфl зэхуиIуу дахэу игъэпсэуныр. Жылагъуэрэ зэрызыгъэуфыдыжкIыр унагъуэ щхьэхуэхэращ. Унагъуэ кIуэщым къыщIекIуэкI зэхэтыкIэр екIуэмэ, зэхуищытыкIэр дахэмэ, унагъуэмрэ абы кьеспхьа Iыхьлы-благъэхэмрэ быдэу зэпыщIамэ, псоми я хъер кьыхокI. **«Алыхьым фыхуэпщылI, Абы зыри гъуэ хуэмышIу, адэ-анэмми благъэхэми дахэу фахущыт...»** *(Iэн-НисаI, 36)*, итщ Iэят лъапIэм. Алыхьым и хэкъыкмрэ адэ-анэм я хьэкъыкмрэ кьанIэтыкIыхуэ, Iыхьлы-благъэхэм я хьэкъыр кьызэрыкIуэм куэд къокI.

Абу Аюб Iэл-Iэнщарий кьиIуэтэжами гупсысэ куу хэлъщ. Зы цыхухэу гуэр Бегъымбарым и деж кIуэри еупщIащ: «Жэнэтым сыкIуэным щхьэусыгъуэ хуэхуну лэжьыгъэр къыс-хуэгъэпъагъэуэ», - жиIэри. «Гъуэ зыри хуумышIу Алыхьым ухуэпщыIыпIи, нэмэзыр пщIын, сэджыгыр хэбгъэкIын, уи Iыхьлыхэм зыкIэтыкIуэн», - кьритыжащ абы Iыкlуэ Iьапlэм жуэап *(Бухьарийрэ Муслимрэ къаIуэтэжащ)*.

Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа Iыкlуэ Iьапlэр Мединэ кьаалэм щыIэпхъуам, цIыхухэр абы и деж зэрыдэхэуэ щытащ. Япэ дыдэуи абдежым щыжиIаэхэм ящыщщ мыхэр: «**Зым адрейм нэхъыбэрэ сэлам ефх, фи щхьинри цIыхухэм яIубгъахуэ, фи Iыхьлыхэми факIэлъхьIуэ, цIыхухэр жейуэ жащIэ фэ нэмэз фщIын, бэIуIэIуншэу (зэраныншэу) Жэнэтым фихьэнщ**

«Дамаск дэтИслъам институтым еджакIуэ укIуэн?», - жаIэу зыкъыщысхуагъаэм си гур кьигуфыкIат. Сызэрысабийрэ сыщIэхъуэпсырт динымрэ бзэ зэмылIэужьыхуэхэмрэ зэзгъэщIну. Анхуэдэу щыхъукIэ къыхуагъэлъэгъуар сэркIэ хэкIыпIэ телыджэт.

СИ АДЭМ хуит сищIри, 1991 гъэм, си ныбжьыр ильэс 19-м иту, гъэзгу сытехьащ, си нэр къызыхуикIым си лъэр нэзгъэсыну мурад сиIэу. ЖэуапIныгъэ ин къыщIыстхуэу нэгъуэщI гуэри Iуэхум хэлът - дин зэзыгъэщIэну ди къэралым бзылъхугъэу икIар сэ зырат.

Дуней псом и нэхъ къалэ жьы дыдэхэм ящыщ Дамаск сыщыдыхьам куэдрэ сегупсысырт: «Жэнэт жьыуаIэр мыраурэ пIэрэ?», жысIэу. Гъэмахуи щIымахуи дунейр хуабэщ, я щIыр плъыжьщ, пхъэщхьэмыщIхэ Iэфl къызыпыкIэ, кырым къыщыкI кактус, зейтун, лимон, гранат жыгхэр абы щыкуэдт. Мэжджыгу дэтыр бжыгъэнщэт. Си нэхъ зэмылIэгъуамэ фIэщщIыгъуейщ, ауэ жэщым Дамаск и дахагъыр пхуэмыIуэтэнт, мастэ пIэпыхуамэ кьыздумыгъэтыжын щIыпIэ иIэтэкъым, апхуэдизкIэ зэщIэлындэрти. IуэхуэщIэм яблэ псейрат зэщхьыр.

Сиричем щыпсэу цIыхухэм я зэхущытыкIэр, яку дэлъ мамырыгъэмрэ дзыхь зэхуэщIынигъэмрэ щыслъагъукIэ сегупсысырт: мыпхуэдизэ дахагъэр Алыхьым мы цIыхухэм щIахуигъэфэщар я дуней тетыкIара хъунщ жысIэу. ЗыгуфIыкIыжа и жагъуэмахуэ а гъэсэныгъэм сту кьызэрыззэтекъутар, кьуэщ дыгъажэ зауэ зэрекIуэкIыр.

Сиричем илъэсыбзкIэ сыщыпсэуащ. Щам щызгъэкIуэ япэ илъэсхэр гугъуехь зэмылIэужьыгъэхэмкIэ гъэнщIат. Бзэмрэ я хабзэмрэ сщIэртэкъым. Цыхухэ сыщIэтэкъым. ЕгъэджакIуэхэм ямылейуэ ткIийуэ дызэраIыгъым и мызакъуэу, дызэрыгагъаджэ Iэмалхэмрэ дерсхэмрэ зэщхьэщыкIы-

● Хьэдисхэр

Япэ лъэбакъуэр жэнэтым исчэмэ

u «Дапщэщ зыщыбгъэпсэхунур?», - жаIэу Iэхьмэд Iимамым къыщеупщIым, «Япэ лъэбакъуэр жэнэтым исчэмэ», - кьажриIэжащ.

u Тхъэщынагъэ зыхэлъым и зыгъэпсэхугъуэри псапэщ, и псапэ щIэгъуэри зыгъэпсэхугъуэщ.

u Дэ, цIыху цIыкIур, дытхъэмыщкIэщ, ди ерыскъур тIшхыжурэ, ажалым дыпоплъри дыщысщ.

u И къуэш муслъымэным пэж дыдэу фIыуэ къилъагъуэуэ зыгуэр кьыфхэтмэ, абы и лъагъунытыгъэ фымыигъэкIуэуэ дфхъумэ.

u ЦIыхур зэрянасыпыфIэм и нэщэнэщ къэзыгъэщIам кьабдэзу зэрыбгъэдэтымрэ къиргъэщIаxэми сэбэн яхуэхъуу зэрыпсэумрэ.

u Алыхьым сэдэкъэ зытым зрегъэуэзщI и IуэхуэкIи, и щытыкIэкIи, и хъэлкIи, и ерыскъыкIи, и псэкIи, и псэукIэкIи.

u Алыхьым и гъуэгум утету упсэуныр Алыхьым и гъуэгум утету уIэжыным нэхърэ нэхъ гугъущ.

● Гъэсэныгъэ

Сирием щызгъэкIуа илъэсхэр

Дамаск дэт «Абу-Нур»ислъам институтыр.

Дин еджагъэшхуэ Джаудэт (Цей) Сэхьад.

ныгъэщхуэ яIэт. Iей сыхуагъэзэну зыри яужь итакым, ауэ щыхъукIи, дэтхэнэ егъэджакIуэмэ утемыкIыу узытетыж хуейуэ кьыпытагъэ еым и Iуэху еплъыкIэрат: Алхуэдэ егъэджэкIэм гунтIащхьтI сищIагъэ, зызытезухуэнуэ сымышIэу утыкум сыкьинауэ сэ сыкьингъуэтащ бгъэдэль щIэныгъэ куумрэ Iущагъымрэ дуней псом щызэпльащIыса дин еджагъэшхуэ Джаудэт (Цей) Сэхьад адыгэлI щIэрыIуэм. Си хъыбар зэрыгъахиныу, абы и щхьэгъэгъуэ Халэрэ ипхьу Каусэррэ икIэщIыпIэкIэ кьингъакIуэхэри я унэ сригъэщащ, ильэскIи садэпсэуащ.

ФIэщхьэныгъэр, фIэлIыкIынытгъэр, адыгагъэр, лъэпкъ хабзэр щытепщэ унагъуэм фIыуэ щыслъэгъуамрэ кьысхалъхьамрэ си гум зэи ихунукъым икIи гъуазэ нэс си гъащIэм хуэхъуащ. Джаудэт Сэхьад уи псэм кьытехьэлъэн кьыпшыбыдыртэкъым. Абы и дерсхэр хьэжьыу гум зэрыхьхьэм и мызакъуэу, и щэным, нэмыс хэлъым, игъэлъагъуэ щапхъэм урагъэхъуапсэрт ислъам диным. И зы псалъэри апхуэдизкIэ кунщIафIэт, фIым хуэпсъэзати, гъащIэ дрекIыхьэымыкIыныр закъуэтIакъуэт. Си лъэр быдэу игъэуву, си гумрэ си щхьэмрэ зэтельу псэун щIызигъадзэу гъащIэ гъэзгу пжым сыхуищхьэ нэужьщ доктор Джаудэт и унэ сригъэжIыу, еджапIэ сыщиригъжIуар. И щхьэри и унагъуэри Алыхьым кьихьэмэ гъащIэм щапхъэ щыхъэхуа, си Iинанэр зыгъэбыда шеIх Джаудэт!

Си гум кьинэжахэм ящыщ зы къэзIуэтэжынщ: «Абу-Нурым» (арат дыщеджэ институтым зэредэжэ) мэрем макъуэ льапIэхэм деж кьытхуэрагъэувэ дерс щхьэхуэхэм блэдмыгъэкIыу дыкIуэн хуейт. Ар хьэрэшнэт, ауэ сэ кьэслыхьхуэр ди еджапIэм пэмыжыжьэу Джаудэт Сэхьад щит дэрсхэрт.

«Абу-Нурым» игъэджакIуэхэр апхуэдизкIэ щыткIийти, зы лъэбакъуи дагъэчетэкъым езыхэр димыгъусэу. Сегупсысащ: мэрем макъуэхэм ди еджапIэм цIыху мин бжыгъэхэр кьоКIуалIэри, сыкъыщIэкIуэсыкIми ту кьыслытэнкъым, - жысIэри, ныбжьэгъуфIсуэхьуа китай бзылъхугъэ цIыкIур гъуэ зэкъэщIри, дыкъызэплъэкIыуэрэ, дыжащ Джаудэт Сэхьад и деж.

ЦIыхур апхуэдизкIэ куэдти, унэм щIыхьэпIэ дгъуэтакъым. БжэщхьэIум дытету щIэжэмкIэ гъэса хуэмэ. Ар си гукъеуэщ.

Кьыззэрыэщащи, Хьэрэдурэ Заурбий экономист, КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр кьиуащ. Зэрерджэм хуэдэурэ, абы художественнэ тхыгъэхэр и Iэпэгъуурэ кьекIуэкIащ. Дадэ хъуа Заурбий иджы абы щогуфIыкIыж: инуэ Альбинэ кьыщыхуэжьэ кьыздиIэж Кьасболэт цIыкIу жриIэн и куэдщ. Ар дадэм и таурыхъэхэм щIепIыкI. И кьуэ Аслъэни литературэмрэ тхыдэмрэ хуэмыкIуэу кьэтэджащ. Ар иджыпсту КъБКъУ-м и студентщ.

Унагъуэ насыпыфIэщ Хьэрэдурэхэ. Ар мусльымэныгъэ нэсыр щызекIуэщ.

- Iстъам диныр зыкIи зэран хуэхъуркъым уи блэкIар пщIэжыным, лъэпкъ хабзэр зепхьэным. УмыкIий-умыгуо, лажьэщхэ, псэлъэ щIэ - аращ абы узыхуигъэIущыр. Ди жагъуэ зэрыхьущи, язынкIуэ цIыхухэр дин пэжым и лъагъуэм щытекI кхъуэу, езыхэми бэлыхь зыхэдзэжрэ лъэпкъри ягъэгуIэу, - и гукъеуэхэр кьытхуеIуатэ Заурбий. - Абы и щхьэусыгъуэр гъэсэныгъэр зэрымащIэрщ, щIэныгъэ зэрамыIэрщ, укIытэр зэрафIэкIуэдарщ. Гъэсэныгъэр дгъэльэщмэ, щIэныгъэ куу щIэблэм етмэ, итIанэ щхьэрыуахэм кьагъэззэжьнщ, ефэхэр, дыгъуэхэр нэхъ мащIэ хьунущ. Псори дызэкъуэтыж, дызэдэIэпыкъун хуейщ. Зы лIыр джэдыгуфIыгъэ лIыбгъур джэдыгуфIыгъэ иджыпсту дызэрыщIытыр кьеезэгъыркъым. Къулейр кьулейсызым, щIэныгъэ зиIэр щIэныгъэншэм дэIэпыкъупхьащ. ПсальэкIэ нэхъ мыхъумэ, зыхуэзфIэмыкIхэм защIэдгъэкъуапхьэщ. Иджыпсту щхьэрыуахэри псальэкIэ, мамыру гъуэгу захуэм тхутешэжьнущ. Абы щхьэкIэ узыхуейр щыIэныгъэщ, щIэныгъэщ, гъэсэныгъэщ.

Заурбий и псэльэкIэм зэрымуслъымэн нэсыр кьыхуощ. Ауэ абдежым зэрымуслъымэн нэсыр Iуэху дахэхэмкIэ щIегъэбыдэжк. Щапхъэу урикъунщ Курп Ипщэ кьуажэм мэжджыт зэрыдищIыхьар. Абы теухуауэ кIыхьу псэльэн фIэфIкIым икIи си щхьэр екьэхауэ, зыгъэпIий хэмыльу фы зылэжьхэм ящыщщ ар - Тхъэм псапэу кьритыж!

Хьэрэдурэ Заурбий и псальэ Iущхэр, дауи, гъуазэ яхуэхъуащ и бынхэми. Ахэр псори гъуэгу пэж теувахэщ, я адэ-анэм, кьызэкIэ льэпкъым я пщIэр зыIэтэщ.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

Iыхьлымрэ благъэмрэ зыгъэбийм Алыхьым и нэлатыр къешэ

● Уаз

(Тирмизий, Ибн Маджэ).

Iыхьлым я зэкIэтыкIуэм Iинан зэрыбгъэдэлъыр къеплъыгъуэ. **«Алыхьымрэ Ахъэт махуэмрэ зи фIэщ хъур и Iыхьлыхэм якIэлърекIуэ»**, Iэятым. Цыхухэм и адэ-анэр къыщIэхъащIу мурад иIэ щхьэгъэ-благъагъэм еIаIIэу щытмэ, абыхэм я арэзыныгъэр иджыри зыгуэркIэ кьинIэжьыжьыфынуц. «Дунейм ехьажа си адэ-анэм иджыри зы фIы гуэр яхуэсщIэжьифыну пIэрэ?» - жиIэри, зылI кьеупщIат Iыкlуэ Iьапlэм. «Нтъэ, - кьритыжащ абы жэуап. - А тIум папщIэ духьэ пщIыуэрэ, я гуэныхьыр кьахуэгъэуну уахуэпсалIуэрэ, псалъэ гуэр ятауэ (ауэ ямыгъэззэщIэж и пэ дунейм ехьжамэ) ар яхуэбгъэззэщIэжурэ, Iыхьлыщ, благъэу уиIэр ахъэраш узэрыгъэтыуэтари, абыхэм уакIэтыкIуэурэ» *(Абу Дауд, Хьаким, Ибн Хьиббан)*.

Благъэ кIапсэр зэпзымычым Алыхьталэм кьыхуищIэ фIыр зэпиГъэунукъым, ауэ ар кьэзымыпытэм Алыхьми и нэфIыр щыхуэнукъым. Тхъэ Лъагэм зэпичар зэпызыщIэжьифын щыIэкъым, Абы игъэпудар кьыдэзэхьжьифыни къэхуаукъым.

Зы фIы гуэр пщIэнумэ е мылъкум сэдэкъэ хэбгъэкIынумэ, псом япэ дыдэ ибгъэщыну Кьурlэнным укьыгъэзыриджэр Iыхьлыхэращ. Бегъымбарми жиIэ: «**ТхъэмыщкIэм епт сэдэкъэр сэдэкъэ закъуэщ, ауэ Iыхьлым ептыр сэдэкъэщ нкIи благъагъэм щыщщ**». *(Тирмизий)*.

Хьэмий жиIауэ кьаIуэтэж: «Си кхъущхэм ящыщ зым зы дыжьын сом хуэсшийм зэхэхьифу кьызоIотыгъэ, сом тIощI сэдэкъэуэ (хамэ гуэрым) ест нэхъэ» *(Iихьяй хьулум Iэд-Дин)*. Шэхьбий щIэныгъэлIми жиIэрт: «ЩIыхуэ телъу си Iыхьлыхэм ящыщ гуэр дунейм схьыками, абы и щIыхуэр хуэзмышынымрэ къэзгъэнакъым» *(Сиер Iэхьлам Iэн-Нубэлэ)*.

Диным теухуауэ хъер зы-

● Къэхутэныгъэ

Пасэрей КъурIэнрэ джатэрэ Йеменым къыщагъуэтащ

Йемен къралыгъуэм хьыхъэ Ададе къаIэм пэмыжьыжьэу щыIэ Iинан бгъуэнщIагъэм ящыщ зым къыщагъуэтащ пасэрей КъурIэн. Абы бгъурылIат Алий ибн Абу Талиб Iимамым и джатэр.

КЪЭХУТЭНЫГЪЭ

лъапIэр кьыхэхъуIа щIалэщIэм пасэрей КъурIэныр зыми яритэн идакъым. Абы щыгъуэми ар уасэ иимыIэщ. Тхыгъэ лъапIэм и яп напэкIуэцIым итщ: «Мы КъурIэныр и IэкIэ кьытритхьыкIыжащ, Алыхьым и дэIэпыкъуныгъэм хэзыкъуэ и пщылIым хьиджрэм и 200 гъэм».

Зэрынэрылъагъэщи, кьагъуэтам илъэс 1234-рэ и ныбжьщ (муслъымэн махуэрыбжьмкIэ идкьыпсту хьиджрэм и 1434 гъэр йокIуэкI). КъурIэным и пасэрей экземплярыр фим кIэщIыщыхьауэ сагъыбым хэльащ. Аращ тэмэму хьума щIэхъуари. Нэхъ ныжьыIуэкIэ кьагъэсэбэпу щIадза точкэ, нэгъуэщI нагъыщэхэр тхыгъэм зэрыхэмытыр и щыхьэтщ мыр КъурIэным кьытращIыкIыжа копие нэхъ жьы дыдэу зэрыщытым. А гупсысэр щIагъэбыдэжащ ирагъэкIуэкIа щIэныгъэхэуэ зэрымыгъэ.

Тхыгъэ лъапIэм бгъурылIу къагъэта, латуным кьыхэщIыкIа джатэ Iэпщэм «Зульфакар» жиIэу хъэрпыыбзэкIэ тетхащ. Аращ Алий ибн Абу Талиб Iимамым и цIэ лейуэ щытар. КъызэралытэмкIэ, а джатэр абы къритауэ щытащ езы Мухьэммэд бегъымбар дыдэм.

● Щапхъэ

УзыгъэлъапIэр уи лэжьыгъэрщ

Хьэрэдурэ Заурбий хэгупсысыкъауэ щыхьэгъубжэм допль. Абы игу кьокIыж и сабиигъуэр, щальхуа Курп Ипщэ кьуажэм и губгъуэшхуэм адрей щалэ щIыбгъуэр яшIыгъу топ кьызэрыщIрихуэкIыгъар. Щымахуэр фIыуэ елъагъу абы, езыри а лъэхъэнэм зэрыхалъхуара кьыщIэкIынщ.

- Щымахуэр дауэ фIыуэ умылъагъунрэ? - жеIэ Заурбий. - Еплыт, дэнэкIи хужьыгъэщ, кьабзагъэщ: щIыльэм шхыIэн хужь тепIащ, жьгъэжьгъэбын хужь кьешэкIащ. Щымахуэм псори и зэхуэдэщ - жьыри щIэри, кьулейри кьулейсызри...

Заурбий литературэ IэмалкIэм зэрыхуэзыгъэр щытлъагъуэм, ар кьызыэхэламкIэ деупщIащ:

- Экономист Iэщlагъэм сыхуеджами, сызэрыщIыкIуурэ литературэр фIыуэ сольагъу. Сыщысабийм си анэшхуэм щщыхьэщхьэкIэрэ таурыхь кьызжиIэрт икIи абыхэм куэдым сратгъэгупсысырт, ахьылым зрагъэжьыырт. Иджыри цIыхубз цIыкIуэхэм сахоплъри, си гур хощ - ахэр нанэ хьумэ сыт я кьуэрылъхуэхэм жрагъэфынур, езыхэр адыгэ хьыбарыжьхэмрэ таурыхъэмрэ щламыпIыкIыу телевизорым къит мыхьумыщIэхэмкIэ гъэса хуэмэ. Ар си гукъеуэщ.

Кьыззэрыэщащи, Хьэрэдурэ Заурбий экономист, КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр кьиуащ. Зэрерджэм хуэдэурэ, абы художественнэ тхыгъэхэр и Iэпэгъуурэ кьекIуэкIащ. Дадэ хъуа Заурбий иджы абы щогуфIыкIыж: инуэ Альбинэ кьыщыхуэжьэ кьыздиIэж Кьасболэт цIыкIу жриIэн и куэдщ. Ар дадэм и таурыхъэхэм щIепIыкI. И кьуэ Аслъэни литературэмрэ тхыдэмрэ хуэмыкIуэу кьэтэджащ. Ар иджыпсту КъБКъУ-м и студентщ.

Унагъуэ насыпыфIэщ Хьэрэдурэхэ. Ар мусльымэныгъэ нэсыр щызекIуэщ.

- Iстъам диныр зыкIи зэран хуэхъуркъым уи блэкIар пщIэжыным, лъэпкъ хабзэр зепхьэным. УмыкIий-умыгуо, лажьэщхэ, псэлъэ щIэ - аращ абы узыхуигъэIущыр. Ди жагъуэ зэрыхьущи, язынкIуэ цIыхухэр дин пэжым и лъагъуэм щытекI кхъуэу, езыхэми бэлыхь зыхэдзэжрэ лъэпкъри ягъэгуIэу, - и гукъеуэхэр кьытхуеIуатэ Заурбий. - Абы и щхьэусыгъуэр гъэсэныгъэр зэрамащIэрщ, щIэныгъэ зэрамыIэрщ, укIытэр зэрафIэкIуэдарщ. Гъэсэныгъэр дгъэльэщмэ, щIэныгъэ куу щIэблэм етмэ, итIанэ щхьэрыуахэм кьагъэззэжьнщ, ефэхэр, дыгъуэхэр нэхъ мащIэ хьунущ. Псори дызэкъуэтыж, дызэдэIэпыкъун хуейщ. Зы лIыр джэдыгуфIыгъэ лIыбгъур джэдыгуфIыгъэ иджыпсту дызэрыщIытыр кьеезэгъыркъым. Къулейр кьулейсызым, щIэныгъэ зиIэр щIэныгъэншэм дэIэпыкъупхьащ. ПсальэкIэ нэхъ мыхъумэ, зыхуэзфIэмыкIхэм защIэдгъэкъуапхьэщ. Иджыпсту щхьэрыуахэри псальэкIэ, мамыру гъуэгу захуэм тхутешэжьнущ. Абы щхьэкIэ узыхуейр щыIэныгъэщ, щIэныгъэщ, гъэсэныгъэщ.

Заурбий и псэльэкIэм зэрымуслъымэн нэсыр кьыхуощ. Ауэ абдежым зэрымуслъымэн нэсыр Iуэху дахэхэмкIэ щIегъэбыдэж. Щапхъэу урикъунщ Курп Ипщэ кьуажэм мэжджыт зэрыдищIыхьар. Абы теухуауэ кIыхьу псэльэн фIэфIкIым икIи си щхьэр екьэхауэ, зыгъэпIий хэмыльу фы зылэжьхэм ящыщщ ар - Тхъэм псапэу кьритыж!

Хьэрэдурэ Заурбий и псальэ Iущхэр, дауи, гъуазэ яхуэхъуащ и бынхэми. Ахэр псори гъуэгу пэж теувахэщ, я адэ-анэм, кьызэкIэ льэпкъым я пщIэр зыIэтэщ.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

ЩIышылэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр кьыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	7.08	8.38	13.19	15.31	17.39	19.19
2, бэрэжьей	7.08	8.38	13.20	15.32	17.40	19.20
3, махуэку	7.08	8.38	13.20	15.33	17.41	19.21
4, мэрем	7.08	8.38	13.21	15.34	17.42	19.22
5, щэбэт	7.08	8.38	13.21	15.34	17.43	19.23
6, тхъэмахуэ	7.08	8.38	13.22	15.35	17.44	19.24
7, блыщхьэ	7.08	8.38	13.22	15.36	17.45	19.25
8, гъубж	7.08	8.38	13.22	15.37	17.46	19.26
9, бэрэжьей	7.08	8.38	13.23	15.38	17.47	19.27
10, махуэку	7.07	8.37	13.23	15.39	17.48	19.28
11, мэрем	7.07	8.37	13.24	15.40	17.49	19.29
12, щэбэт	7.07	8.37	13.24	15.41	17.50	19.30
13, тхъэмахуэ	7.06	8.36	13.24	15.42	17.51	19.31
14, блыщхьэ	7.06	8.36	13.25	15.43	17.52	19.32
15, гъубж	7.05	8.35	13.25	15.44	17.54	19.34
16, бэрэжьей	7.05	8.35	13.26	15.45	17.55	19.35
17, махуэку	7.04	8.34	13.26	15.46	17.56	19.36
18, мэрем	7.04	8.34	13.26	15.47	17.57	19.37
19, щэбэт	7.03	8.33	13.26	15.48	17.58	19.38
20, тхъэмахуэ	7.02	8.32	13.27	15.49	18.00	19.40
21, блыщхьэ	7.02	8.32	13.27	15.50	18.01	19.41
22, гъубж	7.01	8.31	13.27	15.52	18.02	19.42
23, бэрэжьей	7.00	8.30	13.28	15.53	18.04	19.44
24, махуэку	6.59	8.29	13.28	15.54	18.05	19.45
25, мэрем	6.58	8.28	13.28	15.55	18.06	19.46
26, щэбэт	6.58	8.28	13.28	15.56	18.08	19.48
27, тхъэмахуэ	6.57	8.27	13.29	15.57	18.09	19.49
28, блыщхьэ	6.56	8.26	13.29	15.58	18.10	19.50
29, гъубж	6.55	8.25	13.29	15.59	18.12	19.52
30, бэрэжьей	6.54	8.24	13.29	16.01	18.13	19.53
31, махуэку	6.53	8.23	13.29	16.02	18.14	19.54

Къэбэрдей-Балькъэрым и Мусльымэнхэм я Iуэхущ Iапlэм къыдитащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар ХЬЭТАУИслъамщ.

● Гъуазджэ

Гъэльэгъуэныгъэр къыщызэIуахым.

Дыгъэм хуэдэу лыд сурэтхэр

Гъуаздж эм и дуней тельыдж эм дыхишам ярейщ сурэтыщI-график, дизайнер Къанокъуэ Руслан Сурэтыщ I гъуаздж эмкIэ музейм (Налшык къалэ) къыщызэIуихэ и япэ гъэлъэгъуэныгъэм. «Си дунейр» - аращ фIищар абы.

НэМ къыщIэлыдэ сурэт щхъуэкIэпльыкIэхэм, тхьапхъэщIапхъэ хьалэмэтхэр зытетхэм, зэ еплыгъуэкIэ къыпщагъэхъу сурэтыщIым и «дунейр» нэгъуэщI, арами абыхэм удахьэх. Апхуэдэщ «Вихри», «Паруса», «Рассвет», «Океан», «КъуийцыкIурэ Инжыкымрэ», «ШейтIан фызышэ» зыкфIища сурэтхэр. Дыгъэгъазэр иухьыукIэ екIуэжыну гъэльэгъуэныгъэм лэжьыгъэ 50-м нэблагъэ зэхуигъэзащ. Ар къыщызэIуахым, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къудамэ **Карчаевэ Iэминат** псоми фIэхъускIэ захуигъэза нэужь, гъэльэгъуэныгъэ хьэлэмэтымкIэ езы сурэтыщIми абы и Iэдакъэщ Iэкiэхэр зыфIэхьэлэмэту къэкIуахэми ехьуэхьуащ.

- ФIыщI я яхуэсщIыну сыхуейт мы Iуэху дахэр зи лэжьыгъэ Руслани музейм къэкIуа дэтхэнэми. Пэжу жысIэнщи, гъэльэгъуэныгъэр сигу ирихьащ. Сурэтхэр нэхущ, гуапагъэ яхьиблагъуэ. Мы гъэльэгъуэныгъэм нэхъыбэу ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэр къешэлIэн хуейщ, си фIэщ мэхъу абыхэм дахагъэм и щапхъэ гуэрхэр мыбы зэрыщIахьнур, я нэхъ машIэрами, сурэтхэм ящхьэщыт «дыгъэпсым» зрагъэунщ, - жиIащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**. - Апхуэдэуи гуапэ сщыхьунут Руслан и еIуанэ гъэльэгъуэныгъэр сызыиунафэщI Iуэхущапlэм къыщызэIуихмэ. ЗэрыгущIэщи, сурэтыщIым и Iэдакъэщ Iэкiэр утыку къримыхьэу щигъэлъыныр кьеэзгъкъым, абы къыхэкIыни Руслан зыхуэзогъаззэ нэхъ жыджэру щытыну, абы и Iуэхур кьеэхулIэмэ, дэри дехьулIауэ аращ.

Вэрокъуэм къыхильхащ Кьанокъуэ Руслан и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса альбом къыдагъэкIыну, кьинэмыщIу, сурэтыщIыр Творчествэмкlэ Дунейпсо Академием зэрыкагъэхьэну дэфтэрэхэр нэхъ щIэхьэу ягъэхьэзырмэ зэрынэхъыфIыр жриIащ КъБР-м и Сурэтыщ I хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий**.

Темыркъаным сурэтыщIым фIыщIэ хуищащ и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым щхьэкIэ. «Сурэтхэр дыгъэм хуэдэу мэлыд, дэтхэнэми щызэщIэжьыуэ плыифэхэм гукъыдэжыр къаIэт», - жиIащ абы.

Гъэльэгъуэныгъэр кызэгъэпэщIынымкIэ сурэтыщIым дэIэпыкъуэгъуэ хуэхъуа, и ныбжьхэгъу **Вэрокъуэ Заур** къыкигъэщащу Руслан сурэтыщI Iэзэу зэрыщытым и мызакъуэу, ар адыгэлI нэсым зэрищапхъэр, цIыхугъэ зэрыхэлъыр.

- Гъуаздж эм хэт цIыхум и лэжьыгъэр ауэ кьыззэрыгуэкIыу щыткъым, абы и гупсысэр кьигъэщIын папщIэ Iуэхушхуэ ирегъэкIуэкI. А Iуэхур ещхьу жыIэ хъунущ дыщэжьым ейм: япэ щIыкIэ мурадыр щхьэм кьохьэ, гум бгъэдохьэри, итIанэщ кьэрэндащым и лэжьыгъэм щыщIидзэр. Сэ схужыIэнукъым мы Iуэхугъуэм фIы дыдэу хэсщIыкIыу, ауэ Руслан и сурэтхэм сыщеплкIэ, нэхъри хьэжьыу спхокI а цIыхум гушхуэ зэрыкIуэщIылъыр, - жиIащ Заур.

- Нобэ хуэдэу уи сурэтхэр сыт щыгъуи щIэщIыгъуэу, гъащIэм и Iэфlагъымрэ и дахагъымрэ зыхэлъщIэрэ а гурыщIэр тхылъмпIэм тепщIыхьу куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу! - сурэтыщIым ехьуэхьуащ республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуэ **Уянаевэ Iэминат**.

Гъэльэгъуэныгъэм дахэу ики гуапэу кьыщыпсэльащ Кьанокъуэ Руслан и щхьэгъусэ Ази. «Руслан унагъэмэ Iэщ Iагъэмэ хуэпэж щIыхущ. Нобэ зэуIуу тлъагъу лэжьыгъэхэм сэ сэрэр мащIэу сыкъагъэуIэбжьащ, ыкIи зэрыщIэкIымкIэ, абы щэху хьэлэмэтхэр тхуихъумащ, а щэхур утыку кьихьэныжьмкIэ сэбэп хъуа псоми фIыщIэ фхузощI», - жиIащ абы.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Сурэтхэм яфIэщIэщыгъуэу топсэльыхь.

БищIо Люся: Дэтхэнэ сабийми цIыху нэс къыпхуэщIыкIынущ

● Ди псэльэгъуэр

***Егъуджакiуэу ущылажьэфынур а Iэщ Iагъэр гурэ псэкIэ къыхэпхамэщ. Пэжым районым хьиэ Хьэтуей къуажэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Бищ Iо Люся курыт еджапIэр къыщиухам фIы дыдэу ящIэрт къыхихыну Iэщ Iагъэр зыхуэзгъэр. Абы щапхъэ дахэу иIэт гурэ псэкIэ дихьхауэ егъуджакiуэ Iэщ Iагъэм пэрыт шыпхъу нэхъыжьыр. И шыпхъум и лъагъуэм ирикIуэщ Люся. КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къыухи нэужь, абы лажьэн щыщIидзащ къуажэм дэт еджапIэм. Итлъэ 23-м нэсащи, щытхъу пыпIу и къаIэныр ирелъжI, екъулIагъэныгъэ иIэу зыкъыщыгъэльэгъуащ 2006 - 2007 гъэ еджэгъуэм екIуэкIа «Си псэ – си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм. Абы и пэжыгъэфIым къыхэлъащ РУНО-м, КъБР-м Егъуджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр.

Нобэ Бищ Iо Люся ди псэльэгъущ.

- Люся, сабийм и пащхьэ ущиихьэкIэ, уи урокым щыщIэбдзэкIэ сыт хуэдэ къалэн зыхуэбгъэувыжрэ?

- Псом япэрауэ, сытым щыгъуи сызыхущIэкъур дэтхэнэ си сабийми гум лъагъуэ къыхуэзгъуотыфынырщ. А лъагъуэр къэбгъуэтэр утеувэфмэ, егъуджэныгъэми гъэсэныгъэми ехьэлIауэ сыт хуэдэ къалэн зыхуэбгъэувыжми, кьохьулIэну къызолъытэ.

Урокым щыщIэздзэнэ си мурад нэхъыщхьэр а сихьэтым къриубыдэу сабийхэм нэхъыбэ кьаззрезгъэщIэнырщ, Iэмал зэхуэмыдэхэр къзэгъэсэбэлъэр, ахэр дызытепсэлъыхьым нэхъ кууэр зэрыхэсшэнырщ. Апхуэдэу сызыщIокIуэ зи гугъу тщIа Iуэхугъуэм щыIуэнтIыжу зы ещанэкIи уи дерсым зэрыщIэзмыгъэкIыжьыным, псори зэхэзыгъэуэ жыджэру зэрыгъэтэжьынкъым.

- Адыгэбзэм жьыжь унихьэсхъым, дымыщIэми хуэныкъуэ жызыIэхэри, ди жагъуэ зэрыихъунщи, щыIэщ. Фи еджапIэм ущрихьэлIэрэ апхуэдэ гупсысэкIэм?

- Сэ сызэрылажьа илъэс бжыгъэм кьриубыдэу апхуэдэ гукъеуэ зиIэ сриихьэлIауэ къысхуащIэжырыкъым. А гупсысэкIэм еджакIуэхэм я акъылыр хуэунэтIа хьумэ, адыгэбзэр Iумпэм ящIмэ, ди лэжьыгъэм зыри къимыкIыну, къыддалъхуа бзэм лъагъуныгъэ хуедмыгъэщIыкфауэ аращ. Си гугъэмкIэ, я анэдэлъхубзэр фIыуэ зэралъагъум и щыхьэтщ ди еджапIэм и гъэсэнхэм ящIыщ куэд КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм зэрыщIэтIысхьэр. Ар дызыгъэгуфIэ, гушхуэныгъэ къыгъэхэлъхьэ Iуэхугъуэщ. Щэн хэмылъу, дэтхэнэ зы еджэджакIуэм дежкIи щIыхьщ и еджакIуэр езым и гъэсу ирикIуэжмэ.

- Люся, сабийм и зэхэщIыкIым зэфIагъэужьыныжьмкIэ сыт хуэдэ классщIыб лэжьыгъэхэр ешагъэкIуэкIрэ?

- КлассщIыб лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ я зэгъэщIэ еджакIуэм и зэфIэкIыр здынэсыр наIуэ къэщIынымкIэ. Абдежым еджакIуэр нэхъ щхьэхуитщ, и Iуэху еплыкIэхэри гъэщIэгъуэну утыку кьрехьэф. Ар къызыхэкIыр апхуэдэхэм деж егъуджакIуэмрэ и гъэсэныгъэ яку ныбжьагъу зэхущытыкIэхэр къызэрыдэхъуэрщ.

Дэ идогъэкIуэкI литературэ пшыхьэр, тхылъеджэхэм я конференцэр, дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэныжьмкIэ зэIущIэхэр, драмкружокэр, «Акъыл жан», «Сыкъыщалъхуа щIыналъэр», «Адыгэ хабзэ» зэпеуэхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ еджакIуэхэм я бзэр куэдкIэ нэхъ къулеи щэрыуи кэхъу, я къэухьми зеуж.

- Адыгэ хабзэм, нэмысым нобэ фи еджапIэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щIиIэ?

- Адыгэ жьилагъуэм дэт курыт еджапIэм хабзэм, нэмысым сыт щыгъуи увыпIэ щхьэхуэ щIиIэщ. Ди еджакIуэхэм адыгэ хабзэр зыщIэ, нэмысыр зи Iэпэгъу цIыху гъэса кьаззрыхэтщIыкIыным зэрытлъэкIкIэ дыхущIокIуэ.

Еджэныгъэр гъэсэныгъэ жыгым и зы къудамэу аращ. Сыт щыгъуи гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ щызэпыщIащ ди лэжьыгъэм. Зы уроки, классщIыб лэжьыгъэ едгъэжкIуэкIырхъым цIыхугъэм, адыгагъэм зыгуэркIэ едмыпхыу, абы дыкъытемыувыIэу. ЦIыху псори щIэныгъэлI пхузощIынукъым икIи хъунукъым, ар гурыIуэгъуэщ, ауэ дэтхэнэ зыми цIыху нэс къыпхуэщIыкIынущ.

- Егъуджэныгъэм, щIэныгъэм фи еджакIуэхэм сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ хуиIэ?

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди еджакIуэ псоми я гур щIэныгъэм хузэIухауэ схужыIэнукъым. Ауэ класс къэс ущрохьэлIэ фIы дыдэу еджэсэм, ехьуIэныгъэ гуэркъэм щIохъуэпс ныбжьыщIэ зыбжанэм. Ари мащIэжьым еджакIуэм и лэжьыгъэр тэмэму игъэзэщIэнымкIэ. Гугъу зыщедгъэзыщ зы еджакIуэ нэхъ мыхъуми кьыгурыIуамэ, ди лэжьыгъэр псыхъэкIуадзкъым.

- Люся, уэ узэрепльымкIэ, егъуджакIуэфIыр дауэ зэрыщытын хуейр?

- ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зигу фIыльагъэныгъэ иIэ, ерыщагъ зыхэлъ цIыхуррщ егъуджакIуэфI хъунур, апхуэдэрщ сабийхэм фIыуэ ягъуэр. Сабийхэр фIыуэ умыльагъумэ, ягу удэмыхьэмэ егъэджакIуэ Iэщ Iагъэм ущIрилэжьэн щIыIэу ухуэщIэкIыным. ЩIэблэр езыгъаджэр, зыгъасэр и зыхуэпэжIэм деж къыщыщIэдзауэ и хьэл-щэным деж щIухьжу щапхъэу щытын хуейщ.

А псом къыщыизмыщIауэ, егъуджакIуэм и кьалэн хэхъущхьэр щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, цIыхугъэ ин, хабзэ, нэмыс зыхэлъ щIэблэ тэрэз хэкум хуигъэхьэзырынырщи, ар зыхуэзэфIэкIым и мурадыр кьехъулIащ.

Епсэльар

ЩХЬЭЩЭМЫЩIИ Иэзэщ.

● Бахьсэн куей

ГупыщIэхэр къащтэ

Бахьсэн районым ис пенсионерхэм компьютерым хуегъэджэным адэкIи кьыпащэ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪХЭР щекIуэкI, Бахьсэн къалэм дэт курыт школ №3-м хьыбарегъащIэ технологиехэмкIэ и центрым мы махуэхэм дэфтэрхэр щратыжащ цIыху 18-м. Мыхэр Iуэхущапlэр кьызэрызэIуахрэ игъэхьэзыра етIуанэ гупырщ. ЗэлущIэм кьрихьэлIащ Бахьсэн куеймрэ я къалэмрэ я пенсионерхэм я зэгухьэныгъэхэмрэ РЦИТ-мрэ я унафэщIхэр. Абыхэм фIыщIэ ин хуащIащ пенсэм кIуа дэтхэнэри жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтныжьмкIэ, адэкIи я лэжьыгъэ Iэнатlэр зэманым кьигъэзыр мардэхэм тету кьрахьэлIэныжьмкIэ мыхьэнэ ин зиIэ мы Iуэхур кьыхэзыльхьа щIыпIэ администрацэхэмрэ егъэджэныгъэмкIэ район департаментымрэ.

Иджыпсту центрым аргуэру цIыхуи 10 кьищтауэ ирегъаджэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Джон хиха кхъуей

НТВ телеканалым «НакIуэ, дыгъашхэ» и нэтыныр езыгъэкIуэрэ Уоррен Джон Сочэ къаIэм кIуащ, дуней псом къыщащIыкIу адыгэ къхъуейр зэращIыр зригъэщIэн папщIэ.

ШХЫНЫГЪУЭ зэхуэмыдэхэр зэрагъэхьэзырым теухуауэ къэрал телевиденэм кьит нэтынхэм я нэхъыбэм ирагъэблагъэ театрым, киноим, эстрадэм я «вагъуэхэр». Абыхэм къащхьэщыкIыу, НТВ телеканалым и программэр езыгъэкIуэкI Уоррен Джон къэралым и щIыпIэхэм зыщеплъыхь, лъэпкъхэм я тхьадэм, щэнхабзэм, хьэл-щэным, шхыныгъуэм, н. къ. зыщегъэгъуазэ. Калининград къыщыщIэзыдзэу Камчаткэм нэса Джон зыщIплъыхь щIыналъэм и «гъащIэм» хохьэ. Уоррен и нэтыным хэтщ къуажэ пхыдзахэм щыпсэу къызэрыгуэкI цIыхухэр, геологхэр, щакIуэхэр, бдзэжьеящэхэр, Iэпщ Iэльапщ Iэхэр. ПщэфIэным дихьэх дэтхэнэ зыми хуэдэу, абы илъэс зыбжанэ хъуауэ зэхуеохьэс Урысейм ис лъэпкъхэм я шхыныгъуэ зэхуэмыдэхэр зэрагъэхьэзырыр. ГъэщIэгъуэнкъым «лъэпкъи 100-м я хэщIапIэ» икIи къэралым и зыгъэпсэхупIэ нэхъыщхьэ - Сочэ Уоррен Джон къызэрыкIуар.

Инджылызым имыцIыхухэр псынщIэу кьыдехьэхыр. И псэльэгъум гупсэхуу зэредэIуэфыр къызым абы и «Iэщр» нэхъыщхьэр, атIэ урысыбзэр фIы дыдэу зэриIэрщ. И Iэщ Iагъэкl Iэ ар филологщ - славянистщ, Бристоль университетым урысыбзэмкIэ и къудамэм и диплом иIэщ, хьэрычэтыщIэщ.

Джон щыхьэщIащ щIыналъэм и лъахэхутэ Хьэщэмыз Айсэ и деж. Бы-

сымым я пщIантIэм, этнографие музеим хуэдэм, Джон щапсыгъ щей щефащ, фащэрэ пыIэрэ щитIагъэри, адыгэ къафэм мащIэу зригъэсащ. Къищыпсыну щIэ куэд хьэщIэм хэлъащ. ПщафIр абы щIэкIуам и щхьэуэсыгъуэ зэрыжьыгъэщхьэр, зэрыжьытIащи, дуней псом къыщащIыну адыгэ къхъуей цIэрыIуэр зэрагъэхьэзырыр зригъэщIэнырт.

Куэблэ Сэид и гъусэу, Джон япэ дыдэу езым къхъуей храгъэхащ.

- Мыпхуэдэ къхъуей IэфI, пэж дыдэу, тыкуэным щыбгъэуэтынукъым. Ар уэ езыр-езыру щIIын хуейуэ аращ! Къхъуей хэпхыныуи тынш дыдэщ, - жиIащ Уоррен.

Джон къхыхирэщащ щIыпIэри абы щыпсэуэхэри игу зэрырихьар.

НЫБЭ Анзор.

● Футбол

Тыркум и Анталие щIыпIэм

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэм 2013 гъэм екIуэкIыну япэ дивизионым и кIэух зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырын Тыркум и Анталие щIыпIэм щыщIадзащ.

Ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Шыпш Тимур япэ зыгъэсэныгъэм зэхуагъэкIа «Спартак-Налшыкым» хагъэхьэнкIэ хуэну зыкIэлъыпIпIынуэращ. Ахэр щыху 26-рэ мэхъу, гъуащхьэтету 3 ящIэрт. Псори щIалэщIэ защIэщ икIи ику ягу я ныбжьыр илъэс 22 - 23-м нэсу аращ.

Зыгъэсэныгъэхэм кьащIэщIыхьу, налшыкдэсхэм зэныбжьэгъуГъэ зэIущIэхэри ирагъэкIуэкI. Япэу «Спартак-Налшыкым» хьэрхъэрэгъу кьыхуэхъуащ Малайзием и щIалэгъуалэ командэ кьыхэхар. Ди щIалэхэр абы зэрелIэлIэща щыIэкIым икIи епщыкIущанэ дакъинкъым ирихьэлIэу 2:0-у япэ ищат. Джэгум и етIуанэ Iыхьэмэ топитI дагъэкIыжри, налшыкдэсхэр 4:0-у текIуащ.

Вэсэмахуэ кьыкIэтыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» иригъэкIуэкIащ. Иджы зыхрэхъэрэгъу кьыхуэхъуар Кьэзахстаным тIэунейрэ и чемпион, а къэралым и кубокыр тхуэ кьэзыхьа Алма-Ата и «Байрат» командэрат. Ди щIалэщIэхэр абыи хьарзынэу пэщIэтащ, уеблэмэ текIуэфынуи щытащ. АрщхьэкIэ къахухъуэкIа Iэмалхэр зэкъуэгъэсэбэпэкъым. Арати, зэрытемыгъэкIуаэ, 0:0-у, командхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Иджыри зы зэIущIэ «Спартак-Налшыкым» нобэ кьыпэщIыпIащ. Ар дэдэхэгунущ нужьрей илъэситIым Кьэзахстаным и чемпион хьуа, ди лъахэгъу Кьумыкъу Виктор зи тренер нэхъыщхьэ Караганда и «Шахтёр»-м. Шэч хэлъкъым ар удэзыхьэх зэрыхъунум.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я спорт унэу Шэ-джэм кьаIэ дэтым щекIуэкIащ 1997-199В гъэхэм. Ар къызэрахъуэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я зэпеуэ. Ар къызэрагъэпэщащ Шэджэм куей администрацэм и япэ Iэтащхьэу щыта Мамбэт Михаил и фэеплъ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьыщызэIуахым кьрихьэлIащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатэм, Правительствэм, цIыхубз зэгухьэныгъэхэм я лыкIуэхэр, республикэм, къэралым я спорт ехьулIэныгъэхэм ягъэзэныгъэшхуэ хуэзыщIа спортсмен цIэрыIуэхэу Iондон щекIуэкIа Олимпиадэм кьыщыхэжаныкIахэу Хугаев Аланрэ Курамагомедов Зауррэ, бэнакIэу ныбжьыщIэхэр.

Зэпеуэм кьрихьэлIахэм тезыгъэгушхуэ псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ щIыпIэ самоуправленэм я советым и унафэщI Хъэмзэ Хьэсанэ, КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн, зэхьэзэхуэр зи фэеплъу кьызэрагъэпэща Мамбэт Михаил и къуэш нэхъыжьыр Хьусен, Пекин щекIуэкIа Олимпиадэм и чемпион Хьэщт Аслъэнбэч сымэ.

Зэпеуэм щIидзэн и пэ кьихуэу екIуэкIащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и къэфакIуэхэу ГъущIохэ Сюзаннэрэ Залымрэ, Шэджэм куейм Щэнхабзэмкlэ и унэм и артистхэр зыхэта концерт.

Махуитlкlэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм спортсмен 189-рэ кьрихьэлIащ. И хьэпъагъ елытауэ зыхэта зэпеуэхэм япэ увыпIэхэр кьыщахьащ Белгэрокъуэ Албэч, Тибидов Георгий, Гугъуэтыкъ Алим, Артунов Имам, Бекаев Сулим, Мэрзей Астемир, Кьаир Азэмэт, Касумов Магомед, Тхьэинл Заурбэч, Канаковев Сослан, Хугаев Азэмэт сымэ.

БищIо Астемир, Iэтэ Маирбэч, Мэщыкъуэ Азэмэт, Гъэужьей Iэдэм, Будаев Умар, Хьуран Тимур, Хьэбалэ Кьантемыр, Дыкъуэ Таукъан, Толгуров Мухьтар, Дигуров Алан, Алэкъей Алан сымэ етIуанэ хъущ.

Жэз медалэр зэIущащ Кьыпl Хьэзрэт, Хьуэкlуэн Альберт, Лукьяев Едар, Мусэ Аслъэн, Жэмбей Ренат, Къэрэгъул Анзор, УэзрокъуэИслъам, Черткоев Урузмаг, ЩоджэнИслъам, Архъагъэ Альберт, ЛIызам Аскэр, Махуэ Расул, Мэщыкъуэ Хьэзрат, Угъурлы Беслан, Орыкъуэ Iэмин, Кьэблэхъу Таймураз, Шкlахъуэ Алим, Махъсидэ Артур, Псэнэ Станислав, Садулаев Альвин, Щоджэн Асэкъ, Хьэжы Исмахьэ сымэ.

Япэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зыIэрыхьаэм кубокэр, медалхэр, Мамбэт Михаил и унагъуэм кьыбгъэдэкI ахъшэ саугъэтхэр иратащ.

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Фэеплъ зэхьэзэхуэ



Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЩIирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныдж Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщIмыщI Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкl - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм я дэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ нисьмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущыгъэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэку жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпэщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитныныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №ПИ-0065-м щIэту яткащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэхIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Къумахуэ Асльан, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*. Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ* Мэлбахъу Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.749 ● Заказ №3355